



Nouvo Kowonaviris 2019 (2019-nCoV) a Kesyon Pwovizwa Moun Poze Souvan

Sa a se yon sitiyasyon k ap chanje byen rapid.

Tanpri tcheke regilyèman [paj entènèt NYSDOH 2019 Nouvo Kowonaviris la](#) avèk [paj entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi nan Etazini \(U.S. Centers for Disease Control and Prevention, CDC\) Nouvo Kowonaviris 2019](#) ak [paj entènèt CDC pou Kesyon Moun Poze Souvan ak Repons yo](#) pou jwenn dènye enfòmasyon yo.

Kisa 2019-nCoV ye?

Nouvo Kowonaviris 2019 (2019-nCoV) a se yon viris yo idantifye ki lakoz yon epidemi maladi respiratwa nan Wuhan, Pwovens Hubei, nan peyi Lachin nan mwa desanm 2019. Li fè pati yon fanmi viris yo rele kowonaviris. Yo rele li yon "nouvo" kowonaviris ("novel" coronavirus) akòz li se yon nouvo kowonaviris ke yo pa t konnen anvan epidemi sa a.

Kowonaviris yo se yon gwo fanmi viris yo ye. Genyen plizyè kalite kowonaviris yo konnen ki enfekte moun epi jeneralman yo lakoz maladi lejè, tankou rim. Sepandan, genyen omwen de (2) ansyen viris yo te idantifye antanke kowonaviris ki te lakoz maladi grav — kowonaviris Sendwòm Respiratwa Egi Grav (Severe Acute Respiratory Syndrome, SARS) ak kowonaviris Sendwòm Respiratwa Mwayennoryan (Middle East Respiratory Syndrome, MERS).

Kisa sous 2019-nCoV a ye?

Kowonaviris yo se yon gwo fanmi viris yo ye. Sèten kowonaviris se nan moun yo jwenn yo epi kèk lòt se nan bèt yo jwenn yo, avèk tou nan chamo, chat, ak chòvsourit. Okòmansman, nan Wuhan, peyi Lachin, plizyè pasyan nan epidemi a te gen yon koneksyon avèk yon gwo mache fwidmè ak bèt vivan, sa ki ta sigjere ke sous viris la ka te kòmanse nan yon bèt. Otorite sante piblik ak patnè yo ap fè rechèch toujou sou sa; aktyèlman la a yo poko konfime orijin nan.

Konbyen ka 2019-nCoV ki deja genyen?

Rapò sou kantite ka ki genyen yo ap chanje byen rapid. Pou dènye enfòmasyon ajou yo, tanpri ale sou [paj entènèt Òganizasyon Mondyal Lasante \(World Health Organization, WHO\) pou rapò sou sitiyasyon Nouvo Kowonaviris \(2019-nCoV\) la](#) pou enfòmasyon mondyal oubyen [paj entènèt CDC a pou Nouvo Kowonaviris 2019 \(2019nCoV\) nan peyi Etazini](#) pou mizajou sou ka 2019-nCoV yo konfime ak Pasyan ki Anba Envestigasyon (Patients Under Investigation, PUI yo) nan peyi Etazini.

Ki kote yo rapòte ka 2019-nCoV yo?

Anplasan ka sa yo ak kantite ka ki nan anplasan sa yo ap chanje byen rapid tou. Pou dènye enfòmasyon ajou yo tanpri ale sou [paj entènèt Òganizasyon Mondyal Lasante \(WHO\) pou rapò sou sitiyasyon Nouvo Kowonaviris \(2019-nCoV\) la](#) pou enfòmasyon mondyal oubyen [paj entènèt CDC a pou Nouvo Kowonaviris 2019 \(2019nCoV\) nan peyi Etazini](#) pou mizajou sou ka 2019-nCoV yo konfime ak Pasyan ki Anba Envestigasyon (PUI yo) nan peyi Etazini.

Kisa sentòm maladi ki prezante akòz 2019-nCoV yo ye?

Maladi yo ka gen ladan maladi respiratwa lejè jiska grav avèk tou sentòm lafyè, tous ak difikilte pou respire. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon pou li sou [sentòm 2019-nCoV yo](#) sou sit entènèt CDC a. CDC panse ke aktyèlman la a sentòm 2019-nCoV yo kapab parèt nan 2 jou ominimòm oubyen tou yo ka tann jiska 14 jou apre moun nan pran kontak ak viris la; men jiskaprezan yo toujou nan faz kote y ap detèmine yon kwonoloji egzak.

Ki gravite maladi ki rive akòz 2019-nCoV a?

Jiskaprezan ekspè nan domèn lasante yo ap aprann enfòmasyon toujou osijè maladi ki rive akòz nouvo viris sa a. Moun ki enfekte ak viris la gen sentòm ki te lejè (tankou rim) jiska nemoni grav ki mande swen medikal nan yon lopital epi ki ka menm touye moun.

Kijan èske viris 2019-nCoV a pwopaje?

Gen posibilite sous viris sa a soti an premye nan yon bèt, men alèkile yo konnen li pwopaje de yon moun a yon lòt. Kounye a, li pa fin klè ak ki fasilite viris sa a pwopaje ant moun. Aktyèlman, pa genyen okenn transmisyon kominotè regilye pou 2019-nCoV nan peyi Etazini epi risk la ba pou popilasyon an anjeneral. Jwenn enfòmasyon sou sa yo konnen osijè [fason 2019-nCoV pwopaje](#) sou sit entènèt CDC a.

Èske yo kapab trete maladi ki rive akòz 2019-nCoV a?

Jiskaprezan, pa gen okenn tretman antiviral espesifik yo rekòmande pou enfeksyon 2019-nCoV, malgre genyen plizyè ajan antiviral y ap evalye kòm opsyon tretman posib. Moun ki enfekte ak 2019-nCoV dwe al chèche swen sipò pou ede soulaje sentòm yo, tankou admisyon lopital pou ka ki grav yo. Moun ki panse yo pran kontak ak 2019-nCoV oubyen ki panse yo malad akòz 2019-nCoV, dwe kontakte pwofesyonèl swen sante yo tousuit.

Èske yo kapab anpeche maladi ki rive akòz 2019-nCoV a?

Aktyèlman pa genyen okenn vaksen pou anpeche enfeksyon 2019-nCoV. Pi bon fason pou anpeche enfeksyon, se pou evite rantre an kontak ak viris sa a. Aktyèlman, pa genyen okenn transmisyon kominotè regilye nan peyi Etazini epi risk la ba pou popilasyon an anjeneral, donk kounye a pa genyen okenn prekosyon adisyonèl yo rekòmande pou popilasyon jeneral la pran. Sepandan, sonje, yo toujou rekòmande pou pran aksyon prevantif toulejou pou ede anpeche tout viris respiratwa yo pwopaje, tankou:

- Lave men w souvan ak dlo epi savon pandan omwen 20 segonn. Si pa gen ni savon ni dlo, itilize dezenfektan pou men abaz alkòl.
- Evite manyen je w, nen w, bouch ou ak men w san lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè w malad.
- Kouvri bouch ou ak yon klinèks lè w ap touse oubyen lè w ap estènye, epi apres jete klinèks la nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou manyen souvan yo.

Èske mwen dwe itilize yon mask pou figi oubyen yon respiratè N95 lè mwen nan kote piblik pou anpeche maladi akòz 2019-nCoV a?

Non, CDC pa rekòmande aktyèlman pou popilasyon jeneral la itilize mask pou figi oubyen respiratè N95. Malgre yo detekte pwopagasyon limite ant yon moun a yon lòt ki te an kontak pwòch, viris sa a p ap pwopaje aktyèlman nan kominote a nan peyi Etazini.

Nan anviwònman swen sante yo, yo rekòmande pou anplwaye swen sante yo itilize yon respiratè N95 yo teste pou ajisteman (oubyen pwoteksyon respiratwa ekivalan) etan y ap pran swen yon pasyan yo konnen ki genyen oubyen ke yo sispèk ki genyen 2019-nCoV; sa yo se yon pati nan yon pi gwo seri rekòmandasyon pou mezi prevansyon ak kontwòl enfeksyon yo. Tanpri remake respiratè N95 pou travayè swen sante yo dwe ajiste espesyalman ak teste pou yo vreman efikas. Pou pwofesyonèl swen sante yo, al gade [paj entènèt CDC a pou Konsèy Pwovizwa pou Pwofesyonèl Swen Sante yo](#) epi pou jwenn plis konsèy sou prevansyon ak kontwòl enfeksyon, al gade [Rekòmandasyon Pwovizwa CDC a pou Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon pou 2019-nCoV nan Milye Swen Sante yo](#).

Èske mwen gen risk pou m gen 2019-nCoV nan peyi Etazini?

Sa a se yon sitiyasyon k ap chanje rapidman epi enfòmasyon yo ap chanje byen vit. Aktyèlman, pa genyen okenn transmisyon kominotè regilye pou 2019-nCoV nan peyi Etazini epi risk la ba pou popilasyon jeneral la.

Mwen santi m malad men mwen pat vwayaje al nan peyi Lachin. Èske mwen ka enfekte ak 2019-nCoV?

Si ou genyen enkyetid sou sante w, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Aktyèlman, pa genyen okenn transmisyon kominotè regilye pou 2019-nCoV nan peyi Etazini epi risk la ba pou popilasyon jeneral la. Sepandan, si w te an kontak pwòch ak yon moun ki ka genyen 2019-nCoV epi ki te vwayaje sot nan peyi Lachin tou dènyèman epi w santi w malad ak lafyè, tous oubyen difikilte pou respire, ou dwe:

- Kontakte pwofesyonèl swen sante w la. **Anvan** ou ale kay doktè oubyen nan yon sal dijans, li trè enpòtan pou w rele davans epi avize yo sou moun ki an kontak pwòch avèk ou ak vwayaj/sentòm yo tou dènyèman an, epitou avize yo sou pwòp sentòm pa w yo.
- Evite kontak ak lòt moun leplis posib.
- Piga w vwayaje etan w malad.
- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon klinèks oubyen manch rad ou (pa ak men w) lè w ap touse oubyen lè w ap estènye.
- Lave men w souvan ak dlo epi savon pandan omwen 20 segonn. Itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si pa gen ni dlo ni savon.

Mwen te vwayaje al nan peyi Lachin nan 14 dènye jou ki sot pase yo epi kounye a mwen santi m malad. Kisa èske mwen dwe fè?

Si w te vwayaje al nan peyi Lachin nan 14 dènye jou ki sot pase yo epi w santi w malad ak lafyè, tous oubyen w gen difikilte pou respire, ou dwe:

- Kontakte pwofesyonèl swen sante w la tousuit. **Anvan** ou ale kay doktè oubyen nan yon sal dijans, li trè enpòtan pou w rele davans epi avize yo sou vwayaj ou te fè al nan peyi Lachin tou dènyèman an ak sentòm ou yo.

- Evite kontak ak lòt moun.
- Piga w kontinye vwayaje etan w malad.
- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon klinèks oubyen manch rad ou (pa ak men w) lè w ap touse oubyen lè w ap estènye. Jete klinèks la nan poubèl.
- Lave men w souvan ak dlo epi savon pandan omwen 20 segonn. (Èske w bezwen yon kwonomèt? Chante "Jwaye Zanivèsè" de (2) fwa depi nan kòmansman an jouk rive fen an.) Itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si pa gen ni dlo ni savon.

Èske mwen dwe gen enkyetid pou bèt oubyen pwodui abaz bèt ki soti Lachin?

Kounye a la a, pa genyen okenn prèv ki sigjere bèt oubyen pwodui abaz bèt ki soti Lachin yo poze yon risk pou pwopaje 2019-nCoV nan peyi Etazini. Depatman Agrikilti Etazini règlemante enpòtasyon bèt ak pwodui abaz bèt epi CDC règlemante enpòtasyon bèt ak pwodui abaz bèt ki kapab pwopaje maladi imen. Toude ajans yo ap siveye sitiyasyon entènasyonal la de trè prè.

Èske mwen gen risk pou m gen 2019-nCoV apati yon pakè oubyen pwodui yo ekspedye soti Lachin?

Aktyèlman yo kwè ke pwodui ki soti Lachin yo pa poze okenn risk pou popilasyon an. Pa genyen okenn prèv pou sipòte transmisyon 2019-nCoV nan pwodui enpòte yo epi jiska dat pa genyen okenn ka 2019-nCoV nan peyi Etazini ki asosye ak pwodui enpòte.

Èske mwen ka vwayaje al Lachin?

Aktyèlman CDC rekòmande pou vwayajè yo evite tout deplasman ki pa esansyèl pou al Lachin (Avètisman CDC - Nivo 3). Depatman Deta Etazini avize tou pou sitwayen Etazini yo pa vwayaje al Lachin (Avètisman DOS - Nivo 4). Ale sou [paj entènèt CDC pou Sante Vwayajè yo](#) pou enfòmasyon vwayaj ki pi ajou yo.

Èske mwen ta dwe fè tès pou 2019-nCoV? Ki kote èske y ap fè tès pou 2019-nCoV?

Si ou genyen enkyetid sou sante w, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Aktyèlman, pa genyen okenn transmisyon kominotè regilye pou 2019-nCoV a nan peyi Etazini epi risk la ba pou popilasyon jeneral la.

Pou moun ki genyen sentòm 2019-nCoV epi ki te vwayaje al Lachin tou dènyèman (oubyen ki te an kontak pwòch ak yon moun ki ka genyen 2019-nCoV), kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Pwofesyonèl swen sante w la ap konsilte otorite sante piblik yo epi li pral deside si ou dwe fè tès la. Sèl fason pou teste pou Nouvo Kowonaviris 2019 la se avèk tès espesyalize nan CDC a.

Nouvo Kowonaviris 2019 la se yon nouvo viris li ye, epi yo pa dwe konfonn li ak lòt kowonaviris ki te la deja pandan plizyè ane yo epi ki lakoz sentòm vwa respiratwa siperyè, tankou rim. Si pwofesyonèl swen sante w la mande yon tès woutin epi yo fè l nan yon lopital oubyen laboratwa lokal, epi tès la pozitif pou kowonaviris, sa vle di ou genyen youn nan kowonaviris komen yo tankou sa ki bay rim yo. Si w pa sèten pou ki viris yo te teste w oubyen kisa rezilta yo vle di, fè ansòt ou mande pwofesyonèl swen sante w la.

Kisa èske NYSDOH la ap fè pou anpeche 2019-nCoV pwopaje nan Eta New York?

Ozetazini, gen chans yo pral idantifye plis ka 2019-nCoV nan detwa jou k ap vini la yo, epi sa gen ladan, posiblite pou ka ki enpòte nan Eta New York (NYS). Adat, pa genyen okenn ka nan NYS,

epi tout ka nan peyi Etazini yo te rive moun ki te vwayaje Lachin tou dènyèman oubyen ki te an kontak pwòch ak moun ki enfekte ak viris la ki te vwayaje Lachin tou dènyèman. Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) ap travay an tèt kole epi 24 sou 24 avèk otorite sante ki nan CDC yo, Depatman Sante ak Sante Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene), depatman sante Konte NYS yo, ak lòt patnè yo pou pwoteje rezidan New York yo, pou siveye maladi, pou anpeche pwopagasyon, epi pou asire NYS prepare ak prè.

Sa a se yon sitiyasyon k ap evolye byen rapid. Pou dènye mizajou yo, tanpri tcheke regilyèman [paj entènèt NYSDOH Nouvo Kowonaviris 2019 la](#) ak paj entènèt [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi nan Etazini \(CDC\) Nouvo Kowonaviris 2019 la](#) ak paj entènèt [CDC pou Kesyon Moun Poze Souvan ak Repons yo](#) pou jwenn mizajou yo.